ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№243 (23.401) ● 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КІуэкІуэ Юрийрэ «ИТАР-ТАСС» агентствэм и генеральнэ директор Михайлов Сергейрэ тепсэлъыхьащ хъыбарегъащІэ ІэнатІэм щызэдэлэжьэным пыщІа Іуэхухэм

**КІуэкІуэ Юрий Москва щепсэлъащ «ИТАР-ТАСС» агентствэм и генеральнэ директор Михайлов Сергей.**

ЗЭІУЩІЭМ къыщаІэтащ республикэм и политикэ, социально-экономикэ, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ Іуэхухэм ятеухуа хъыбархэр утыку къызэрыралъхьэм. Абы и лъэныкъуэкІэ нэхъ тэмэму зэдэлажьэмэ, хъыбарыщІэхэр и зэманым икІи тэмэму цІыхухэм яІэрыхьэнущ. Апхуэдэу зэІущІэм щыхэплъащ 2017 гъэм зэщІыгъуу ягъэзэщІэн папщІэ ягъэхьэзыра проектхэм.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*



## КІуэкІуэ Ю. А. Москва щыхуэзащ «Урысей ипподромхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Исаков Н. В.

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Москва щыхуэзащ «Урысей ипподромхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Исаков Н.В.**

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ ди республикэм шы спортым зыщегъэужьыным, шы спортымкІэ школхэмрэ клубхэмрэ я бжыгъэм хэгъэхъуэным.

Шы гъэхъунымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым куэд щІауэ хабзэ хъарзынэхэр къыдокІуэкІ, щыжаІащ зэІущІэм, икІи ар а ІэнатІэм зегъэужьынымкІэ, щІыналъэм и социально-экономикэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэм ящыщ щІынымкІэ лъабжьэ тэмэм хъун хуейщ.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*



## Къулъкъужын Ипщэ къуажэм газыр къыщыщыуам лей зытехьа унагъуэр псэупІэ зэІузэпэщ щІагъэтІысхьэжынущ

**2016 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м газыр къызэрыуам къыхэкІыу Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм щыщ унагъуэм леишхуэ къытехьащ. А гузэвэгъуэм цІыхуиплІым фэбжь хахащ икІи сабиитІым языхэзыр къахуегъэлакъым.**

МЫДРЕЙХЭР Новгород Ищхъэрэ дэт центрым МЧС-м и кхъухьлъатэкІэ яхьащ, зи щІыфэр мафІэм исахэм папщІэ абы медицинэ дэІэпыкъуныгъэ лъэщ зэрыщыІэм къыхэкІыу. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм къызэрыщыджаІамкІэ, сымаджэхэр хуабжьу хэлъэщ, ауэ тІэкІу къагъазэу хуежьащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зэрахуигъэувам тету, Бахъсэн районым и унафэщІхэр иджыпсту йолэжь лей зытехьа унагъуэр къызэфІэувэжа нэужь зыщІагъэтІысхьэн псэупІэ яхузэгъэпэщыным. «Къулъкъужын Ипщэм щыщ унагъуэм къытехьа лейм цІыхухэр зэкъуигъэуващ. Ди районым исхэм я мызакъуэу, зэрыщыту республикэр тогузэвыхь абыхэм я Іуэхум икІи дэтхэнэри зэрыхузэфІэкІкІэ къыхыхьэну хьэзырщ. Унагъуэм папщІэ ягъэхьэзырыну псэупІэр ахэр зыхуеину унэлъащІэмкІэ, техникэмкІэ къызэгъэпэщауэ щытынущ», - жиІащ Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Сыжажэ Хьэсэн.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

● Дыгъуасэ

# КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр



**«Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» урысейпсо зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэмрэ ФІагъымкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр 2016 гъэм зыхуагъэфэщахэмрэ дыгъэгъазэм и 16-м КъБР-м и Правительствэм и унэм щагъэлъэпІащ.**

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий.

- Ди республикэм и экономикэм иужьрей илъэсхэм узыщыгуфІыкІын зыужьыныгъэ игъуэтащ. Промышленностыр щІэгъэхуэбжьауэ ирагъэфІакІуэ, мэкъумэш хозяйствэм йолэжь, туризмэми зыужьыныгъэ инхэр игъуэтыну дыщогугъ. Гульытэ хэха худощІ хамэ къэрал къраш хьэпшыпхэм ефІэкІын ди деж къыщыщІэгъэкІыным. Инвестицэ проект инхэр щагъэзащІэ республикэм. Апхуэдэщ «Этана» ІуэхущІапІэмрэ вольфрам-молибден комбинатымрэ щекІуэкІхэр. Мис абыхэм я фІыгъэкІэ республикэм и экономикэр лъагъуэщІэ теувэнущ, ІэнатІэщІэхэр къызэрагъэпэщынущ. Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ гъэкІыным, джэдкъаз гъэхъуным, туризмэм мылъкушхуэ хухах. Республикэм и предприятэ пэрытхэри хъарзынэу мэлажьэ. Абыхэм къыщІагъэкІ хьэпшыпхэм я фІагъырщ зытрагъащІэр, - захуигъэзащ Мусуковым къызэхуэсахэм. - ФІагъымкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтымрэ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» урысейпсо зэпеуэмрэ ди деж щылажьэ предприятэу 24-рэ хэтати, абыхэм къыщІагъэкІ ерыскъыуэ, хьэпшыпу лІэужьыгъуи 100 къагъэлъэгъуащ. КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр 2016 гъэм продукцэ зэмылІэужьыгъуэ 20-м хуагъэфэщащ. Сыхуейщ абыхэм я лэжьыгъэр нэхъыфІыжу къызэрагъэпэщыну, дяпэкІи я ехъулІэныгъэ тлъагъуу республикэм, къэралым хуэлэжьэну.

«Урысейм и хьэпшып нэхъыфІи 100» урысейпсо зэпеуэм щытекІуауэ къыщалъытащ «Жако», «Велес-Агро» ООО-хэр, «Тэрчналмэс» АО-р. Дипломхэр «Ципинов Групп» ООО-м, «Велес - Агро» ООО-м, «Кавказкабель» АО-м иратащ.

ФІагъымкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр 2016 гъэм хуагъэфэщащ «Жако», «Нальчикский консервный завод», «Ципинов Групп», «Светловодский», «Велес-Агро», «Къэббалъкънефтегаз», «Къэббалъкъгипс», «Эльбрус-инвест», «Санаторий «Кавказ», «ЮгМега Сервис», «Дом здоровья» ООО-хэм, «Прохладненский хлебзавод», «Халвичный завод «Нальчикский», «Гидрометаллург», «Санаторий «Чайка», «Такси», КФХ «Ай-Раян» ОАО-хэм, Уней хьэрычэтыщІэхэу Хьэпэ Анзор, Соттаевэ Лейлэ, «Лъэпкъ художественнэ ІэщІагъэхэмкІэ республикэ центр» ІуэхущІапІэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



● КъБР-м и Парламентым

# Илъэсым къэрикІуахэр къызэщІекъуэж

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ дыгъуасэ журналистхэм яІущІащ икІи республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм илъэсым зэфІигъэкІахэм теухуауэ къэрата упщІэхэм жэуап яритащ.**

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентыр 2016 гъэм нэхъыбэу зэлэжьар щІыналъэм щызекІуэ хабзэхэр егъэфІэкІуэныр зэрыарар. Псом хуэмыдэу ахэр хуэгъэзат цІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм, республикэ бюджетыр тэмэму къэгъэсэбэпыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ Іуэхухэм зыщегъэужьыным, нэгъуэщІхэми.

- Шэч хэмылъу, илъэс къакІуи, Іэмал имыІэу, ди нэІэ тедгъэтынущ республикэм и мылъкур къызэрагъэсэбэпым, унагъуэ хуэмыщІахэм зэрадэІэпыкъум, лэжьакІуэхэм улахуэ тэмэм яІэным, къапщтэмэ, цІыхухэм я псэукІэр нэхъ тынш ящыщІыным ехьэлІауэ ялэжьхэм, - жиІащ Егоровэ Татьянэ. - Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ республикэм и экономикэр инвестицэ ІэмалхэмкІэ егъэфІэкІуэн зэрыхуейм. Абы и лъэныкъуэкІэ гугъэшхуэхэр идопх Тырныауз къалэм дэт вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу егъэжьэжыным. Фигу къэзгъэкІыжынщи, УФ-м и Президент Путин Владимир а Іуэхур къэралым и Правительствэм пщэрылъ щищІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм щыхуэщхьэпэну дыщогугъ «Этана» промышленнэ ІуэхущІапІэ яухуэнур. УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрийрэ Китай ЦІыхубэ Республикэм и Къэрал Советым и премьер Кэцян Лирэ дызэрыт илъэсым щэкІуэгъуэм и 9-м Санкт-Петербург Іэ щыщІэддзащ ІуэхущІапІэр зэрауххуэным теухуа зэгурыІуэныгъэм. «Этана» заводыр 2016 гъэм къыщыщІэдзауэ 2023 гъэ пщІондэ яухуэну я мурадщ, псори зэхэту инвестицэ ахъшэу сом мелард 12,9-рэ абы къызэщІеубыдэ. КъыкІэлъыкІуэу къыхэзгъэщынут Къэбэрдей-Балъкъэрыр мэкъумэш щІыналъэу зэрыщытыр къэлъытауэ, абы и лъэныкъуэкІи дылэжьэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым иригъэкІуэкІа пресс-конференцым теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● Псэущхьэхэр

## Дунеяплъэ цІыкІу

**«Налшык и зоопарк» МУП-м ИлъэсыщІэм зыхуегъэхьэзыр.**

ЩІЫМАХУЭ зыгъэпсэхугъуэхэм къриубыдэу сабийхэм хуиту зыщаплъыхь хъунущ зоопаркым. Уаер зыуэ къызыщымыхъу шы кусэхэм, ламэхэм, махъшэхэм, хыв лІэужьыгъуэхэм, дыгъужьхэм, бажэхэм, мэз джэдухэм мыбы хуиту уащыкІэлъыплъыфынущ. Абыхэм языныкъуэхэм я бжыгъэм тещІыхьауэ, къыхагъэхъуащ.

Хуабэ щІыпІэхэм къикІа псэущхьэхэр (аслъэнхэр, къаплъэнхэр) щаІыгъ гъущІ хъархэр нэхущ, хуабэщ. Апхуэдэщ номинхэм я унэри. Къапщтэмэ, мыбыхэм ейр псом нэхърэ нэхъ инщ.

Зоопаркым и бжэр зыплъыхьакІуэ цІыкІухэм яхузэІухащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щІыхь зиІэ я журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъуар Черкесск къалэм щагъэлъэпІащ. Абы и гъащІэм теухуауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІа «Мухамед Хафицэ: первооткрыватель черкесского зарубежья» тхылъыр утыку къыщрахьащ а пшыхьым. Ар къызэрагъэпэщащ Байрамыкъуэ Хьэлимэт и цІэр зезыхьэ къэрал лъэпкъ библиотекэмрэ Урысейм ис Адыгэхэм я Лъэпкъ-щэнхабзэ федеральнэ автономиемрэ.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъШР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм, Правительствэм, нэгъуэщІ къулыкъущІапІэхэм я лІыкІуэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, лъэпкъ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, телевиденэм, радиом я лэжьакІуэхэр, ХьэфІыцІэм и ныбжьэгъухэр, лэжьыгъэ ІуэхукІэ зэпыщІауэ куэд щІауэ къыдэгъуэгурыкІуэу ди къуэш республикэм исхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэмрэ.

Библиотекэм и япэ, етІуанэ къатхэм ХьэфІыцІэм щыхухаха плІанэпэхэм щызэхуэхьэсат абы и гъащІэр зытриухуа Іуэхум щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэм, журналистикэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэм, жылагъуэ лэжьакІуэ емызэшу адыгэ лъэпкъымрэ къыщалъхуа и хэкумрэ хуилэжь Іуэху щхьэпэхэм теухуа хъыбар кІэщІхэмрэ сурэтхэмрэ.

● Пшыхьхэр

## Къуэш республикэм щагъэлъапІэ

Гуапэу екІуэкІа зэІущІэм къыщыпсэлъащ Мухьэмэд фІыуэ къэзыцІыхухэри, лэжьыгъэм и мызакъуэу, цІыхугъэкІэ гъунэгъу зыхуэхъуахэри, и щхьэкІэ ямыцІыхуу и творчествэм щыгъуазэ нэхъыщІэхэри.

Пшыхьыр нэхъри ягъэдэхащ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Шумахуэ ХьэзрэІил, Шэрджэс Іэсият, нэгъуэщІхэми.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● Гу зылъытапхъэ

## Зэпеуэм фыхэтынумэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэмрэ Урысейм и Тхыдэ-архив зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэмрэ 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м щегъэжьауэ 2017 гъэм накъыгъэм и 5-м нэсыху ирагъэкІуэкІ ныбжьыщІэхэм я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ «Архивист ныбжьыщІэ» V урысейпсо конкурсым и щІыналъэ Іыхьэр.

Зэпеуэм пыщІа Іуэхухэр зэпкърыхауэ къыщыгъэлъэгъуащ *https://аскбр.рф сайтым.*

Жюрир хэплъэн папщІэ конкурсым къагъэхь лэжьыгъэхэр къыщыІах мы хэщІапІэм 360000, КъБР, Налшык къалэ, Горький М. и цІэр зезыхьэ уэрам, 13. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэ, пэш №19. Телефоныр: 76-04-33

# Лъэпкъ гвардием зыкъеужь

**УФ-м и лъэпкъ гвардием и дзэ къарухэм я къэрал ІуэхущІапІэм КъБР-м щиІэ къудамэм и управленэм (ФСВНГ) дыгъуасэ пресс-конференц иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ а управленэм и унафэщІ Макитов Муссарэ кадрхэмрэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэмрэ ядэлажьэ къудамэм и Іэтащхьэ Гореловэ Натальерэ.**

МАКИТОВЫР тепсэлъыхьащ ФСВНГ-м и къалэн нэхъыщхьэм, абы къызэщІиубыдэ дзэ къарухэм.

- Мы къудамэм къратыжащ КъБР-м щыІэ МВД-м и спецназыр, авиацэр, СОБР-р, ОМОН-р, ведомствэм хэмыт хъумакІуэхэр (ОВО), лицензэ зыт ІуэхущІапІэхэр. Илъэсищым къриубыдэу ди лэжьыгъэр зэтеувэн хуейщ. УФ-м и Хабзэм тету 2017 гъэм ди ІуэхущІапІэм и къалэнхэр яубзыхунущ, 2018 гъэм къриубыдэу абы къратыжынущ къэралкІуэцІ къарухэм хиубыдэ псори, - жиІащ унафэщІым.

Макитовым къыхигъэщащ ФСВНГ-м и лэжьакІуэхэр щагъэхьэзыр еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэрадэлажьэр, КъБР-м и щІалэгъуалэр апхуэдэ еджапІэхэм щІэтІысхьэнымкІэ сэбэп зэрыхъуфынур, я нэІэ тету еджэгъуэр къызэрырагъэухынур, лэжьапІэ зэрыратыжынур.



- ЦІыхухэм ІэнатІэ еттын диІэщ, - пищащ Макитовым. - Дэ къэтщтэнур дзэм къулыкъу щызыщІа, хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм щылэжьа, узыншагъэкІэ сэкъат зимыІэ щІалэхэращ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Іулъхьэ кІэ, нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэкІэ къыщІэхуа зыхэдгъэхьэнукъым. КъищынэмыщІауэ, зы цІыху лэжьапІэ къыщытщтэкІэ, а цІыхумкІэ офицеритІ шэсыпІэ иувэн хуейщ.

Зи гугъу тщІа органхэр зэрыщыту ФСВНГ-м къратыжа щхьэкІэ, я улахуэр нэхъ мащІэ хъуакъым, уеблэмэ управленэм и Іуэхур зэтраублэмэ, нэхъри хагъэхъуэну я мурадщ. Я къалэнми хэщІакъым икІи хэхъуакъым, я унафэщІымрэ хэщІапІэмрэ захъуэжа мыхъумэ. Унэ къратыну ежьэ лэжьакІуэхэм я чэзур зэпыунукъым, медицинэ и лъэныкъуэкІи зыхуей хуагъэзэнущ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**
*Сурэтыр тезыхар* **Толгуров Камалщ.**

● ТхылъыщІэ

# «Къысхуэгъэгъу»



**«Іуащхьэмахуэ» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ журналист, тхакІуэ КІэбышэ Лилэ и тхылъ.**

**«Къысхуэгъэгъу» фІэщыгъэр иІэу дунейм къытехьа ІэдакъэщІэкІым итщ «Си блэкІам есщІэнур сыт?» зыфІища повестымрэ рассказ зыбжанэрэ: «Насып кІапэ», «Къулей ухъумэ къызэптыжынщ», «КъэфакІуэ хъыджэбз», «Къысхуэгъэгъу».**

ЛИЛЭ зыцІыхухэр фІыуэ щыгъуазэщ абы и къалэмыр къыщІищтэ Іуэхугъуэхэр зыхуэдэм. Уеблэмэ абыхэм псоми зы лъабжьэ яхуэпщІкІи ущымыуэну, ар дэтхэнэ зы цІыхуми и гурыгъу-гурыщІэхэрщ, и нэщІэбжьэхэрщ, лъагъуныгъэрщ. ТхакІуэм и рассказхэм гуапагъэмрэ гущІэгъумрэ, гъэгъуныгъэмрэ дэчыхыныгъэмрэ йобэкІ, абы еджэнухэм дерс къыхахын хуэдэу. КъигъэщІ образхэр гум ехуэбылІэу наІуэщ. Хъыбархэм яхэлъщ дыдэзыхьэх икІи тпэгъунэгъу нэгъуэщІ зыи - ар ди адыгэ лъэпкъым къыдекІуэкІ дуней тетыкІэрщ, ди хабзэхэрщ, ди нэмысырщ.

Жылагъуэ гъащІэр гъуазэу зиІэ КІэбышэ Лилэ Іуэхур зэрекІуэкІа къабзэр къигъэлъагъуэу абдежым щиухыркъым. Ар кууэ пхроплъ къищта образымрэ абы и хъуреягъымрэ быдэу зэрыубыдыху. Арагъэнщ тхыгъэ къэс гур зыпэплъа кІэух дахэ щІагъуэтыжыр.

«Къысхуэгъэгъу» тхылъыр и бжыгъэкІэ 300 хъууэ къыдэкІащ. Ар щывгъуэтынущ «Іуащхьэмахуэ» тхылъ тедзапІэм и тыкуэным.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



● Хъумапӏэ банк

# Іэмал тынш къыхузэрагъэпэщ

**Хъумапӏэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ «Къэббалъкъэнерго» АО-мрэ Іуэхутхьэбзэщӏэ къыхалъхьэ. Налшык Щоджэнцӏыкӏум и цӏэр зезыхьэ уэрамым щыӏэ банк хэщӏапӏэм абы журналистхэр иджыблагъэ щыкӏэлъыплъащ.**

–ТОК уасэр щатыну апхуэдэ щӏыпӏэ 12 илъэсыр икӏыху республикэм къыщызэӏутхынущ. И зэхуэдитӏыр мэлажьэ, тӏур хьэзырщ, адрей плӏыр мы мазэм къриубыдэу зэтедухуэнущ. Зытетщӏыхьыр цӏыхухэм Іэмал тынш къахузэгъэпэщыныращ, - жеӏэ Хъумапӏэ банкым и щӏыналъэ къудамэм и унафэщӏ Урысбий Хьэмидбий. - Мы Іуэхум куэд щӏауэ дыпылъщ. Ди деж пщӏэуэ щатым иужьрей илъэситӏым хуэдитӏкӏэ хэхъуащ, етӏанэгъи апхуэдиз ди плъапӏэщ.

Абы къызэригъэлъэгъуамкӏэ, хуабэм, псым, газым, нэгъуэщӏхэми хуэзэр зэрыӏахыну щӏыкӏэми Хъумапӏэ банкыр йогупсыс.

- А ӏэнатӏэхэм дадолажьэ, зы Іэмалкӏэ уасэхэр зэрат хъуну щӏыкӏэм и хэкӏыпӏэхэр зэпыдолъыт,- къыхигъэщащ Урысбий Хьэмидбий.

Іуэхутхьэбзэщӏэм и гугъу щищӏым, «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ПАО-м электрокъарукӏэ къызэзыгъэпэщ и департаментым и унафэщӏ Циканов Арсен къигъэлъэгъуащ ток уасэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хъарзынэу къызэрыщыхахыр, цӏыхухэм я процент бгъущӏым къагъэсэбэпам хуэзэр и чэзум зэратыр.

- Ар Іуэхутхьэбзэхэр нэхъ тынш зэрыхъум и фӏыгъэщ. Къыхалъхьа Іэмалыщӏэр абы и щыхьэтщ. Дэри ахэр зэредгъэфӏэкӏуэным дыхущӏэкъунущ, - жиӏащ Цикановым.

КъБР-м и вице-премьер Бэлэтокъуэ Владимир къытеувыӏащ ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэр зэрат щӏыкӏэм республикэм и унафэщӏхэр хуабжьу зэригъэпӏейтейм.

- Цӏыхухэм Іэмал тынш къызэрыхузэрагъэпэщым и фӏыгъэкӏэ, мыпхуэдэ центрхэм щытыкӏэр нэрылъагъуу ирагъэфӏэкӏуэну дыщогугъ. Республикэм и Правительствэр лъэныкъуэ куэдкӏэ купщӏафӏэу Хъумапӏэ банкым и къудамэм дыдолажьэ, социальнэ, экономикэ ӏэнатӏэхэм хэлъхьэныгъэфӏ зэрыхуищӏри къыдолъытэ. Зи гугъу тщӏы центрхэм я мыхьэнэмрэ ягъэзащӏэ къалэнхэмрэ къыдгурыӏуэу, ахэр дыдоӏыгъ, нэгъуэщӏ проектхэр щагъэзащӏэкӏэ дяпэкӏи дыдэлэжьэну дыхьэзырщ,- къыхигъэщащ вице -премьерым.

*Хъумапӏэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущӏапӏэ.*



● ЗэӀущӀэхэр

# ЩӀалэгъуалэм жыджэру ядолажьэ

**Бахъсэн районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбэч Анзор иджыблагъэ иригъэкӏуэкӏащ щӏыналъэм хыхьэ къуажэхэм щӏалэгъуалэм ядэлэжьэнымкӏэ и къудамэхэм я Іэщӏагъэлӏхэм я зэхуэс. ЗэӀущӀэм кърагъэблэгъащ КъБКъУ-мрэ къалэн куэд щызэфӏах республикэ центрым и район къудамэмрэ я лӏыкӏуэхэр.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ Бахъсэн щӏыналъэм щӏалэгъуалэ политикэр зэрыщекӏуэкӏымрэ абы хэлъ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ. Къызэхуэсахэм я пащхьэм доклад щищӏащ район администрацэм щӏалэгъуалэ Іуэхухэмкӏэ и къудамэм и пашэ Къуэщӏысокъуэ Юлие. Абы зэрыжиӏамкӏэ, щӏыналъэм лэжьыгъэфӏ щокӏуэкӏ щӏалэгъуалэм яхуэгъэзауэ. Іуэхум нэхъыфӏу зыщиужьахэм ящыщщ ХьэтӀохъущыкъуей, Кыщпэк, Къубэ-Тэбэ жылэхэр.

Къалэн куэд щызэфӏах республикэ центрым и район къудамэм и Іэщӏагъэлӏхэр тепсэлъыхьащ «Урысейм и щӏалэгъуалэ» фӏэщыгъэр зиӏэ автоматизированнэ хъыбарегъащӏэ ӏэнатӏэ республикэм зэрыщылажьэм. Абы и Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ, щӏалэгъуалэм ядэлажьэ щӏыпӏэ къудамэхэм къызэрагъэпэщыфынущ я Іуэхущӏафэ псори къыщыгъэлъэгъуа портфолио икӏи ахэр Интернетым иралъхьэфынущ. Апхуэдэу щӏыпӏэхэм щыгъуазэ зыхуащӏыфынущ нэгъуэщӏ щӏыналъэхэм щӏалэгъуалэ политикэр зэрыщекӏуэкӏым.

КъБКъУ-м социологие къэхутэныгъэхэмкӏэ и центрым и кафедрэм и доцент Щоджэн Мурат псэлъапӏэр хуит щыхуащӏым, жиӏащ Бахъсэн районым хыхьэ жылэхэм мыгувэу социологие къэхутэныгъэхэр зэрыщрагъэкӏуэкӏынур. Ахэр хуэгъэпсауэ щытынущ лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкӏэхэмрэ дин Іуэхухэмрэ щӏыпӏэхэм къыщыхутэным. Ар хеубыдэ «КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымрэ я щэнхабзэхэм зегъэужьынымрэ» къэрал программэм.

ЗэӀущӀэм щыжаӏа псори къызэщӏикъуэжащ Іэхъуэбэчым. Абы къызэрыхигъэщамкӏэ, щӏалэгъуалэм къуажэхэм нэхъыфӏу щадэлажьэ Іэщӏагъэлӏхэр Илъэсыщӏэм и пэ къихуэу ягъэпэжэнущ.

**ЧЫЛАР Аринэ,**
*Бахъсэн щӏыналъэ администрацэм и пресс-ӏэнатӏэм и унафэщӏ.*

● ЩӀы Іуэхухэр

# Чэзум зэрыув щӀыкӀэр

**Уней лъапсэ щаухуэну щӏы Іыхьэхэр зэрагуэш, ар пщӏэншэу къыӏахын папщӏэ, цӏыхухэр чэзум зэрагъэув щӏыкӏэм налшыкдэс куэд щӏоупщӏэ. Абыхэм жэуап ярет Налшык къалэ округым и щӏыпӏэ администрацэм псэупӏэмкӏэ и къудамэм и унафэщӏ Тауканец Ольгэ:**

–Уней лъапсэ щаухуэн папщӏэ, льготэ зиӏэ цӏыху щхьэхуэхэм щӏы Іыхьэхэр яхухэзыхыр Налшык къа-лэ округым и щӏыпӏэ администрацэм и закъуэщ. Нэгъуэщӏ Іуэхущӏапӏэ гуэри абы хуиткъым. «Щӏы къеӏызыхынухэм я чэзу» жаӏэу языныкъуэхэм кърахьэкӏхэм хабзэкӏэ лъабжьэ лъэпкъ яӏэкъым. Абы теухуа тхылъхэр зэхуэзыхьэсыр къалэ администрацэм псэупӏэмкӏэ и къудамэм и закъуэщ.

Щӏы Іыхьэхэр зэрат щӏыкӏэр Налшык къалэ округым и щӏыпӏэ администрацэм игъэбелджылащ. Тхылъхэр (заявленэ) къызэрытӏэрыхьэм тещӏыхьауэ чэзур доубзыху. Мэрием и унафэкӏэ, цӏыхур чэзум ягъэув. 2011 гъэм щэкӏуэгъуэм и 25-м Налшык къалэ округым Щӏыпӏэ самоуправленэмкӏэ и советым къыдигъэкӏа унафэ №432-м ипкъ иткӏэ, зи псэупӏэр егъэфӏэкӏуэн хуейуэ льготэ зиӏэ мыпхуэдэ цӏыху щхьэхуэхэр, уней лъапсэ щаухуэн щхьэкӏэ, щӏы Іыхьэ пщӏэншэу зратхэм я учётым ягъэув:

- профессиональнэ щӏэныгъэ зиӏэ Іэщӏагъэлӏхэу пӏалъэ гуэрым темыухуа лэжьыгъэ зэгурыӏуэныгъэкӏэ, хьэмэрэ илъэситху мынэхъ мащӏэ лэжьыгъэ зэгурыӏуэныгъэкӏэ КъБР-м и къэрал е муниципальнэ организацэхэм щылажьэхэр, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ Іуэхухэм, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымкӏэ я ӏэнатӏэхэм я Іэщӏагъэмкӏэ щылажьэхэр;

- щӏы Іыхьэ къыӏахыну тхылъ (заявленэ) зыта зэщхьэгъусэхэм ящыщ зым и ныбжьыр а зэманым илъэс 35-м щӏимыгъуа унэгъащӏэхэр, апхуэдэу (зришэлӏахэри хэту) зы бын, абы нэхъыбэ зыпӏ анэу е адэу тхылъыр щитам ирихьэлӏэу илъэс 35-м фӏэмыкӏахэр;

- сабий ныкъуэдыкъуэхэр зыпӏ цӏыхухэр;

- УФ-м Псэупӏэмкӏэ и кодексым и 51-нэ статьям ипкъ иткӏэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм игъэбелджылы узыфэ гъэтӏылъахэр зыпкърыт цӏыхухэр.

Цӏыхухэм щӏы Іыхьэхэр пщӏэншэу зэрыхухах хабзэм тету, Налшык къалэ округым и щӏыналъэм лъапсэ щаухуэн, уней подсобнэ, мэкъумэшыщӏэ (фермер) хозяйствэхэр, жыг хадэхэр, хадэхэкӏхэр щызэрахьэн, Іэщ щагъэхъун, дачэу къагъэсэбэпым папщӏэ, муниципальнэ мылъкум щыщ щӏы Іыхьэхэр, апхуэдэу лъапсэ иращӏыхьын, уней подсобнэ хозяйствэ щызэрахьэн, жыг хадэхэр щагъэкӏын, хадэхэкӏхэр щащӏэн, дачэ хозяйствэу яӏыгъын щхьэкӏэ, зыбгъэдэлъыр иджыри зэхамыгъэщхьэхукӏа щӏы Іыхьэхэр бынищ, абы нэхъыбэ зиӏэ цӏыхухэм, япӏыну сабий къэзыщтэ унагъуэхэм унейуэ пщӏэншэу хуагуэш.

Къата тхылъхэм япкъ иткӏэ, щӏы Іыхьэхэр унейуэ пщӏэншэу хупачынущ:

- лъапсэ щаухуэн, уней подсобнэ хозяйствэ щызэрахьэн (унэ щащӏыну хуиту) е дачэу къагъэсэбэпын папщӏэ (псэуалъэхэр, псэупӏэ унэхэр щащӏыну хуиту) щӏы Іыхьэ, щыпсэун унэхэр зимыӏэхэм;

- щӏы Іыхьэхэр унейуэ зратыр илъэсищ и пэкӏэ Налшык къалэ округым и щӏыналъэм зэпымыууэ щытхауэ, абы щыпсэу цӏыхухэрщ.

Вольнэ Аул «Нарт» хьэблэщӏэр щыдгъэтӏысынущ. Абы и проектым мы гъэм мэриер егугъуащ, лэжьыгъэр зэрызэкӏэлъахьыну щӏыкӏэм и схемэр яубзыхуащ. Гъунапкъэхэр игъэбелджылыри, япэ чэзум хыхьэ щӏы Іыхьэхэр кадастр учётым игъэуващ. Мэкъуауэгъуэ кӏуам и 1-м ирихьэлӏэу льготэ зиӏэ цӏыху щхьэхуэхэм щӏы Іыхьэ 72-рэ яхухихащ. Илъэсыр иухыху иджыри 70-м нэблагъэ итыну и мурадщ.

*Налшык къалэ округым и щӏыпӏэ администрацэм и пресс-Іуэхущӏапӏэ.*

● Зэхыхьэхэр

# Тхылъеджэ ныбжьыщІэхэм я зэхуэс

**ХьэтӀохъущокъуэ Къазий и цӏэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм «Къэухь» зыфӏища, тхылъеджэхэм я зэхуэсыр Мэлбахъуэ Тиморэ и цӏэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм иджыблагъэ щызэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Абазэ Любэ и «Бжьыхьэ нэпсхэр» тхылъым.**

ЗЭХУЭСЫР теухуауэ щытащ адыгэбзылъхугъэм, абы гъащӏэм щиубыд увыпӏэмрэ къыщылъыс лъытэныгъэмрэ, нэхъыбэу зытещӏыхьауэ щытари а псоми ныбжьыщӏэхэр зэреплъ щӏыкӏэхэр жегъэӏэнырщ. ЗэӀущӀэм ирагъэблэгъар курыт школхэм я 9 - 11 - нэ классхэм щӏэс еджакӏуэ цӏыкӏухэрт, Іуэхум хэтыну гупыж зыщӏахэм нэмыщӏи абы еплъыну, едэӏуэну сабий куэд къекӏуэлӏат.

Хьэщӏэу кърихьэлӏат КъБКъУ-м и егъэджакӏуэхэм я щӏэныгъэм щыхагъахъуэ кафедрэм и унафэщӏ, биологие щӏэныгъэхэм я кандидат Къуэщӏысокъуэ Александр, Щоджэнцӏыкӏу Алий и цӏэр зезыхьэ псапащӏэ фондым и тхьэмадэ Щоджэнцӏыкӏу Леонид, Абазэ Любэ и шыпхъу Нусэ, нэгъуэщӏхэри.

Зэхуэсыр гъэщӏэгъуэн зыщӏхэм ящыщт сабийхэм зэдауэ хэмыту, зым и гупсысэм адрейм къыпищэурэ жэуап зэратым. Тхыгъэм зэреджар наӏуэ къэхъури, абы хэт образхэмрэ я дуней еплъыкӏэмрэ дызыхэпсэукӏ зэманым къызэрырапхымкӏэ, зэрырагъапщэмкӏэ. Зэгъэкӏуауэ, лей хэмыту, гъэхуауэ жэуап зэратым, пэшым щӏэсхэр зэрызрагъэдэӏуэфым гурыхь пщищӏырт екӏуэкӏ Іуэхур.

Школым щадж тхыгъэхэм ебгъапщэмэ, Абазэм и тхыгъэр сабийм и псэм нэхъ къытехьэлъэу пӏэрэ жыпӏэу щытщ, сыту жыпӏэмэ, абы гъащӏэр плъыфэ куэду зэрызэхэлъыр щыболъагъу, фӏыри, Іейри, ахэр зэхэгъэкӏа зэрыхъунури, цӏыхум и гурыгъу-гурыщӏэхэри, абыхэм уздахьынкӏэ хъунури, нэгъуэщӏ куэдми уащыхуозэ. Хуумыгъэфэщэну губзыгъэу, гупсысэ куу щӏэлъу, кӏуэцӏрыкӏыу апхуэдэт еджакӏуэхэм я жэуапыр.

Тхыгъэм «узыщӏэупщӏэн хэтыжкъым» жыпӏэу зэпкъраха нэужь, япэу псалъэ зрата Абазэ Нусэ жиӏащ зэхуэсым къызэрырагъэблэгъар зэригуапэ дыдэр. Абы и шыпхъу Любэ и гъащӏэм и къекӏуэкӏыкӏам кӏэщӏу къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ, зи Іуэху къэзыгъанэу къэкӏуа дэтхэнэми фӏыщӏэ яхуищӏащ, ехъуэхъуащ.

Апхуэдэу тхылъеджэ ныбжьыщӏэхэм псалъэ гуапэрэ ущиекӏэ зыхуагъэзащ зэхэсым кърихьэлӏахэу Щоджэнцӏыкӏу Леонидрэ Къуэщӏысокъуэ Александррэ. Жэуап зыту Іуэхум жыджэру хэтахэм Щоджэнцӏыкӏу Алий и цӏэр зезыхьэ псапащӏэ фондым къыбгъэдэкӏхэр иратащ.

Иужьрейуэ къэпсэлъа Табыщ Мурат жиӏащ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къызэригъэпэщкӏэрэ Адыгэбзэ Хасэр къыдэкӏуэтей щӏэблэр адыгэбзэкӏэ гупсысэу, а гупсысэри анэдэлъхубзэкӏэ къаӏуэтэфу егъэсэным, уэршэрыкӏэ хабзэу адыгэхэм къадекӏуэкӏыу щытари къыдихыжу, абы хэлъ щэхухэм ныбжьыщӏэхэр щыгъэгъуэзэным зэрыхущӏэкъур. Мы зэхэсыр Хасэми абы къекӏуэлӏахэми къайхъулӏауэ жыпӏэ хъуну къилъытащ Табыщым. Дяпэкӏи зиубгъуну, сабийхэм, егъэджакӏуэхэм я мызакъуэуи, адэ-анэхэри, адэшхуэ-анэшхуэхэри къахыхьэну зэращыгугъри къыхигъэщащ. Жыджэру зэӀущӀэм хэта еджакӏуэхэми ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакӏуэхэми фӏыщӏэшхуэ яхуищӏащ, щытхъу тхылъхэмкӏи яхуэупсащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 17, щэбэт**

♦**Урысейм Іэщэкӏэ ЗэщӀэузэда и Къарухэм стратегие мыхьэнэ зиӏэ я ракетэдзэхэм я махуэщ.** Ракетэдзэхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэр СССР-м и Правительствэм 1959 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къыдигъэкӏауэ щытащ, РВСН-м и махуэр ди къэралым щагъэлъапӏэ 2006 гъэм щегъэжьауэ.

♦**1903 гъэм** «Авиацэм и адэу» къалъытэ, США-м щыщ Райт зэкъуэшхэу Уилбуррэ Орвиллрэ ягъэунэхуащ хьэуам нэхърэ нэхъ хьэлъэ кхъухьлъатэр уэгум зэритыр.

♦**1995 гъэм** хахащ УФ-м и Къэрал Думэм и етӏуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр.

♦УсакӀуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэр зрата **Ваншенкин Константин** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Норвегием щыщ щӏэныгъэлӏ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр зыджу щыта **Фогт Ганс** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, СССР-м и цӏыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр тӏэунейрэ, «Хэкум и пащхьэ щиӏэ фӏыщӏэхэм папщӏэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Броневой Леонид** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакӏуэ, адыгэхэм я деж печатым зэрызыщиужьам и къэхутакӏуэ, УФ-м щэнхабзэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ, АР-м щӏыхь зиӏэ и журналист **Хъуакӏуэ Заур** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Техникэ щӏэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакӏуэ **Шыхъуэстэн Абдулхьэмид** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Уэрэджыӏакӏуэ цӏэрыӏуэ, КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием я цӏыхубэ артист **Нэхущ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкӏуэкӏ, актрисэ, «Дуней псом щынэхъ дахэ пщащэ» зэпеуэм 2002 гъэм щытекӏуа **Фёдоровэ Оксанэ** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкӏэнур**

«**pogoda.yandex.ru**» сайтым зэритымкӏэ, Налшык пшэр техьэ-текӏыу щыщытынущ. Щӏыӏэр махуэм градус 11 - 9, жэщым градуси 14 - 12 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 18, тхьэмахуэ**

♦**Іэпхъуэшапхъуэу псэум и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и ЗАГС Іуэхущӏапӏэхэм я лэжьакӏуэхэм я махуэщ**

♦**Хьэрыпыбзэм и махуэщ**

♦СССР-м и цӏыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и Лӏыхъужь **Никулин Юрий** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щӏэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, сурэтыщӏ, «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» нэтын цӏэрыӏуэм и къызэгъэпэщакӏуэу щыта **Ворошилов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щӏэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къущхьэбий Виктор** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цӏыхубэ сурэтыщӏ, Урысейм Художествэхэмкӏэ и Академием, Испанием и сурэтыщӏхэм я академием, ЩӀДАА-м я академик **Кӏыщ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Политик, жылагъуэ лэжьакӏуэ, физико-математикэ щӏэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щӏэныгъэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щӏэныгъэхэм я кандидат, «Линкор» дунейпсо компанием и генеральнэ унафэщӏым и къуэдзэ **Щоджэн Іэуес** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Тележурналист **Щоджэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкӏэнур**

«**pogoda.yandex.ru**» сайтым зэритымкӏэ, Налшык пшэр техьэ-текӏыу щыщытынущ. Щӏыӏэр махуэм градуси 9 - 6, жэщым градуси 8 - 7 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 19, блыщхьэ**

♦**Хуэмыщӏауэ псэухэм защӏэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1863 гъэм** Инджылызым щыщ **Уолтон Фредерик** лъэгухэм тралъхьэ линолеумыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ кърататащ.

♦**1866 гъэм** Урысейм и Телеграф агентствэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1925 гъэм** ТАСС-р (Совет Союзым и Телеграф Агентствэр) къызэрагъэпэщащ.

♦Франджы уэрэджыӏакӏуэ, актрисэ цӏэрыӏуэ **Пиаф Эдит** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦«Современник» театрым и унафэщӏ, СССР-м и Къэрал сагъэтым и лауреат, Совет Союзым и цӏыхубэ артисткэ **Волчек Галинэ** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Филологие щӏэныгъэхэм я доктор, Горькэм и цӏэр зезыхьэ Дунейпсо литературэ институтым и профессор **Алий Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Футболист Іэзэу щыта, СССР-ми РСФСР-ми я чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ **Іэпщэ Александр** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цӏыхубэ артисткэ **Вертинская Анастасие** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкӏэнур**

«**pogoda.yandex.ru**» сайтым зэритымкӏэ, Налшык пшэр техьэ-текӏыу щыщытынущ. Щӏыӏэр махуэм градуси 4 - 1, жэщым градуси 9 - 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКӀЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Хьэщӏэ къашэ щыӏэщи, хьэщӏэ ишыж щыӏэкъым.**




● Зэпеуэхэр

# Гуп нэхъ хахуэ

**Курс къалэм дэт къэрал университетым фӏагъым кӏэлъыплъыным теухуауэ щекӏуэкӏа урысейпсо олимпиадэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэри хэтащ.**

ЗЭПЕУАХЭР гуп 26-рэ хъурти, абыхэм ящыщу 22-р щӏэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт еджапӏэхэм икӏат. КъБКъУ-м и Политехникэ институтым и магистратурэм щеджэ Гъуазэ Адлан, Къылъшыкъуэ Альбинэ, Шыкъ Каринэ сыми яхэтащ зэхьэзэхуэм.

Іыхьищу гуэшауэ щыта зэхьэзэхуэм студентхэм я щӏэныгъэр тесткӏэ къапщытащ, я Іэщӏагъэм епха лэжьыгъэхэр ягъэзэщӏащ, презентацэхэр ягъэлъэгъуащ.

Къахьа баллхэр зэхалъхьэжа нэужь, КъБКъУ-м икӏахэм ещанэ увыпӏэр къыхуагъэфащэри, «Гуп нэхъ хахуэ» цӏэри къыфӏащащ.

Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм къабгъэдэкӏ фӏыщӏэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ гупхэр зыгъэхьэзырахэми абы хэтахэми.

**ЖЫЛАУ Алан,**
*КъБКъУ-м и егъэджакӏуэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакӏуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэр убзыхунымрэ финансхэмкӏэ къызэгъэпэщынымкӏэ управленэм и консультант **Хуболовэ Мадинэ Адрэхьмэн и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Хуболовэ (Гиляховэ) Фаризэт Іэгиб и пхъур** зэрылӏам къыхэкӏыу.

● Пшыхьхэр





# Адэжь лъахэм щагъэлъапIэ



**Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэт курыт еджапIэм дыгъэгъазэм и 7-м щекIуэкIащ «Лъэпкъ напэр зылIми еIэтыф» зыфIаща зэIущIэ. Теплъэгъуэрэ къэпсэлъэныгъэу зэхагъэува фэеплъ пшыхьыр теухуауэ щытащ а жылэм къыдэкIахэу адыгэ тхакIуэ, романист, драматург, щIэныгъэлI гъуэзэджэ, дыгъэгъазэм и 16-м къызэралъхурэ илъэси 100 ирикъуа Шортэн Аскэрбийрэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа физик щэджащэ, щэкIуэгъуэм и 26-м и ныбжьыр илъэс 75-рэ хъун хуея Къумахуэ Мурадинрэ я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ.**




ЗЭХЫХЬЭМ псалъэ гуапэ щыжаIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къумахуэ Владимир**, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и Iэтащхьэ **Ацкъан Руслан**, абы и къуэдзэ, адыгэбзэмкIэ къудамэм и унафэщI **Джэрыджэ Арсен**, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бекъан Масирэт** сымэ, нэгъуэщIхэми.

Шортэн Аскэрбий «Си Лэскэн псыхъуэ» зыфIища и тхыгъэм хэт псалъэхэр: «Лэскэн! Узолъагъур фIыщэу. Уи псыежэхыр къабзэщ. Къурш лъабжьэхэр, мывэ джейхэр къоущыхь, абыхэм уоIущащэ, уодэхащIэ. Аузым удэусыхьурэ, зыбгъафIэурэ, зыкъипхыурэ уожэх ищхъэрэкIэ, уи псы кIапэр Тэрч ипхъуэтэжыху... Уэ уэщхьыжщ уи Iуфэ Iус цIыхухэри. Уэщхьыркъэпсщ... Хьэлэмэтыщэу къызэщIэтэджащ Къумахуэхэ я бынхэри. ЩIэныгъэлI защIэщ...» а махуэм Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм щагъэлъапIа езымрэ и къуажэгъу цIэрыIуэ Къумахуэ Мурадинрэ яхужиIами ярейт.

Зэхыхьэм цIыкIухэм щагъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр, хъыбар щIыкIэу утыкум щаIуэтэжахэр апхуэдизкIэ гухэхъуэт икIи удэзыхьэхти, зи нэгу щIэкIахэм ахэр ягу къызэринэжынум шэч хэлъкъым. Фащэ хужьыпсхэмкIэ зэщыхуэпыкIа школакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ Къумахуэ Мурадин и гъащIэмрэ и щIэныгъэ лэжьыгъэмрэ теухуа слайдхэр ягъэлъэгъуащ, ядернэ физикэм щызригъэхъулIа и къэхутэныгъэхэм анэдэлъхубзэ екIукIэ и гугъу ящIащ.




Пшыхь-зэхыхьэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр Шортэн Аскэрбий и гъащIэмрэ и творческэ лэжьыгъэмрэ теухуауэ щытащ. А цIыху зэчиифIэм и къалэмыпэ къыщIэкIа тхыгъэхэм ящыщ пычыгъуэхэм школакIуэхэр къеджащ. Шортэным «ЛIыгъэм и вагъуэ» и рассказым къытращIыкIа спектакль кIэщIым щIалэ цIыкIухэр апхуэдизкIэ дахэу икIи дихьэхауэ щыджэгуати, щагъэзэщIа ролхэр езыхэм я гъащIэм къыхаха фIэкIа пщIэнтэкъым.

- Хуабжьу си гуапэщ нобэ сыкъызэрыфхыхьэжар, - жиIащ Къумахуэ Владимир, къызэхуэсахэм зыщыщ лIакъуэм и цIэкIэ фIыщIэ яхуищIу. - Сэри курыт еджапIэр мы жылэм къыщызухащ. Мыбдеж зыкъыщызыгъэлъэгъуа цIыкIухэм Мурадин и къекIуэкIыкIар бзэ дахэкIэ зэрыщыжаIэжам сригуфIащ. Абырэ сэрэ дызэныбжьти, ифIэфI-сытхэмкIи дызэрыщIэрт. ЩIэныгъэм и мызакъуэу, ар спортми тыншу хэзагъэрт. Апхуэдизу къытемыхьэлъэу щыерыщти, лъэн, къэжыхьынкIэ псоми ятекIуэрт.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыщыпсалъэм, зи теплъэгъуэхэмкIэ пшыхьыр купщIафIэ зыщIа цIыкIухэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ.

- Шортэн Аскэрбий сцIыхуу щытащ, дызэдэлажьэрт, дызэхуэзэрт, - жиIащ абы. - «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм «Адыгэ литературэм и фIыпIэхэр» и проектыщIэм хиубыдэу япэ дыдэу къыдагъэкIар Шортэн Аскэрбий и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа, нэкIубгъуэ 1200-м щIигъу зыдэт мы тхылъ Iувышхуэращ. Ар Джэрыджэ Арсенрэ Ацкъан Русланрэ ягъэхьэзыращ. Иджы, Къумахуэ Мурадин теухуауэ. Сэ къысхуэщIэжыркъым Нобель и саугъэтыр тIэунейрэ хуагъэлъэгъуауэ зрамытыжа цIыху абы ипэкIэ щыIауэ. Къыздэтша етIуанэ тхылъым, Къумахуэ Мурадин теухуам, къыщыхьа гукъэкIыжхэм щыгъуазэ защыхуэпщIкIэ, уи нэгу IупщIу къыщIоувэ щIэныгъэлI гъуэзэджэм къеныкъуэкъуахэм лъэпощхьэпо куэд къыхуагъэуву зэрыщытар. Ар къызыхэкIар Къумахуэр абыхэм щIэныгъэкIи, лIыгъэкIи, акъылкIи зэратекIуэрат. Мыинми, фи къуажэр цIыху зэчиифIэхэмрэ еджагъэшхуэхэмкIэ къулейщ. АтIэми, нобэ дыщIызэхуэса Шортэн Аскэрбийрэ Къумахуэ Мурадинрэ фIэкIа фи жылэм къыдэмыкIами, фызэрыгушхуэн фиIэу къызолъытэ.

Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэт курыт школым щеджахэм ящыщщ Ацкъан Русланi.

- Мыбы диIэпхъукIауэ унагъуэр Ерокъуэ дыдэсти, илъэсищ енкIэ абы нэс лъэсу сыкъехым-сыдэкIуеижурэ, мыбы дэта школыжьым сыщеджащ. Еянэ классым сыщIэсу, Шортэн Аскэрбий къэкIуат. Сызэбгъэдишэри, «уэ си ныбжьэгъужьым урикъуэщ!» къызжиIат. ПсэухункIи апхуэдэу къысхущытащ. Къумахуэ Мурадин сэ зэи сыхуэзакъым, ауэ и хъыбар куэдрэ зэхэтхырт, газет-журналхэми дыкъыщеджэрт. Школыжьым дыщыщIэса лъэхъэнэхэм, математикэм фIыуэ хищIыкIыу, егъэджакIуэ гъуэзэджэ диIащ - Георгий Соломонович. Абы къыджиIэжауэ щыта хъыбархэм ящыщ зы фезгъэдэIуэнщ. «Классым щIалэ цIыкIу гуэр щIэст, партэ лъабжьэм щIэпэщэщыхьрэ зыгуэрхэм еджэу. Япэ махуэм зыхуэзгъэшэчащ. ЕтIуанэм, сызэгуэпри, къыдэсшащ, «УкъыщIызэмыдаIуэр сыт?» - жысIэурэ. «Сэ сощIэ а уэ дызыхуебгъаджэхэр», - къызитыжащ жэуапу. Партэ лъабжьэм щиIыгъым сыщыIуплъэм сыкъэуIэбжьащ - еджапIэ нэхъыщхьэм щадж математикэ тхылъыр иIыгът. Ар Къумахуэ Мурадинт».

Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэс нэхъыжьыфIхэм я цIэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Къумахуэ Мурадин къэзыцIыхуу щыта, уеблэмэ, зы партэм дэсу къыдеджа **Уэркъуасэ Пётр**.

- Нобэрей пшыхьыр дэркIэ щхьэпэщ. КъытщIэхъуэ щIэблэм ящIэн хуейщ ди жылэр цIыху зэчиифIэхэмкIэ зэрыбейри, дэсхэр дызэдэIуэжрэ дызэхуэгушхуэу куэд щIауэ дыкъызэрекIуэкIри, - къыхигъэщхьэхукIащ Уэркъуасэм.

**Къумахуэ Михаил** и IэщIагъэкIэ социологми, куэд зэрыхузэфIэкIыр къигъэлъагъуэу, Рентген оптикэмкIэ институтым и унафэщIым и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьащ. ЗэIущIэм и кIэухым, абы Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэт курыт еджапIэм физик щэджащэм къигупсысауэ щыта Iэмэпсымэхэм ящыщу «Къумахуэм и пкъо цIыкIухэр» зыфIащахэм ящыщ зыбжанэ тыгъэ хуищIащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Бекъул Леонид ноби ящыгъупщэркъым

● Фэеплъ

**Адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ зэман кIыхькIэ хуэлэжьа Бекъул Леонид къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.**

ЛЕОНИД 1936 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармонием, Музыкэ школым, Музыкэ къэрал театрым щылэжьащ. Макъамэ Iэмэпсымэхэм, къафэхэм, уэрэдхэм я «Бжьамий» ансамблыр 80 гъэхэм Налшык къыщызэригъэпэщащ. Гупым хэтхэр щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэт, зи IэщIагъэм хуэIэижьхэт. Абыхэм я зэфIэкIым хигъэхъуэн, зригъэужьын папщIэ жэщмахуэ имыIэу Бекъулыр ядэлажьэрт. Гуп цIэрыIуэм и IуэхущIафэхэр зыхуэунэтIар, абы и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъ къафэхэм, уэрэдхэм, адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм щыщ хабзэхэм цIыхубэр хэгъэгъуэзэнырт, я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ хэгъэхъуэнырт. Бекъул Леонид зэпымыууэ хущIэкъурт ансамблым и программэр нэхъ щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн зэрищIыным. Абы и щыхьэтщ къызэригъэпэщ пшыхьхэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр кърагъэблагъэурэ я гушыIэхэмкIэ зэригъэдахэу щытар. Леонид и лэжьапIэ пэшыр зэпымыууэ цIыху кIуапIэт. ГъэщIэгъуэнракъэ, апхуэдиз цIыхум дэтхэнэми зэман къыхуигъуэтыфырт, гулъытэрэ пщIэрэ яхуищIырт.

Сирием, Иорданием, Тыркум, Франджым, нэгъуэщI къэрал куэдми ансамблым зыкъыщигъэлъэгъуащ, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ екIуэкIа зэпеуэхэм, фестивалхэм япэ увыпIэхэр къыщыхуагъэфащэу. Гуапэт дуней псом нэхъыфI дыдэу къыщалъыта гупхэм я гъусэу ансамблыр утыку зэритыр, пашэ щыхъур нэхъыбэу. Абы хэтхэм утыкум щагъэлъагъуэ лъэпкъ хабзэхэм, фащэхэм, къафэхэм, уэрэдхэм я дахагъэр куэдым ягу дыхьэрт, телъыджэ ящыхъурт, пщIэрэ щIэупщIэрэ хуаIэт. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ ящыхъурт.

Бекъул Леонид ящыщщ зи IэщIагъэм къыхуигъэщIауэ къалъытэхэм. А цIыху щэджащэм и лэжьэгъуу щытахэм зэрыжаIэжымкIэ, уэрэдхэм нотэхэр абы хуэдэу хуэзыт, зи лэжьыгъэм хуэпэж къэгъуэтыгъуейт.

- Консерваторэр къэзухыу I989 гъэм еджакIуэ сыкъыщикIыжам «Бжьамий» ансамблым хэт си ныбжьэгъу Къудей Зубер и фIыгъэкIэ Леонид къэсцIыхуа хъуащ. Сэри а гупым сыхыхьэри илъэсипщIкIэ садэлэжьащ, - жеIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и унафэщI ЗэшэкIуий ТIэхьир. - Бекъул Леонид хуабжьу цIыху тыншт. Илъэс куэдкIэ нэхъыжьми, абы нэхъыщIэхэм пщIэрэ гулъытэрэ къытхуищIырт, къытхуэгуапэт. Абы и псалъэ дахэхэр, и чэнджэщхэр къытхуэщхьэпащ. Гукъинэж сщыхъуащ ар цIыху жумарту зэрыщытар, хуэныкъуэхэм дапщэщи ядэIэпыкъуу къызэрыгъуэгурыкIуар. Зэгуэр дуней псом щыцIэрыIуэу щыта «Бжьамий» ансамблыр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ ужьыхыжащ. ЗэфIэкI зиIэу, цIыхугъэшхуэ зыхэлъу ди япэ ита нэхъыжьыфIым и IуэхущIафэхэр, и дуней тетыкIа дахэр ноби тщыгъупщэркъым, щIэх-щIэхыурэ дигу къыдогъэкIыж.

- Бекъул Леонидрэ сэрэ Музыкэ къэрал театрым илъэс куэдкIэ дыщызэдэлэжьащ, уэрэд зыбжани зэдэттхащ. Ныбжьэгъу пэжу дызэхущытащ, ди гуфIэгъуи гузэвэгъуи зэдэдгуэшу. Леонид хуэдэхэр зырызыххэт. Ар зи художественнэ унафэщI «Бжьамий» ансамблым сыщыхэтым щIыналъэ куэдым зыкъыщыдгъэлъэгъуащ. Сигу къоуэ икIи щыуагъэшхуэу къызолъытэ пщIэрэ щхьэрэ зиIэ, Леонид и фэеплъу лажьэ а ансамблыр иджы дыдэ зэрызэхуащIыжар, - жеIэ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ Хьупсырджэн Албэч.

Леонидрэ и щхьэгъусэ Маржынэтрэ унагъуэ дахэ зэдаухуащ. ЗэгурыIуэ, пщIэ, нэмыс зэрылъ унагъуэм къыщыхъуа я пхъуитIым - Мадинэрэ Лалинэрэ - я адэ-анэр куэдкIэ я щапхъэгъэлъагъуэу къыдэкIуэтеящ. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэр адыгэ хабзэм щIапIыкIащ, гъэсэныгъэ дахэ иратащ.

Илъэситху и пэкIэ дунейм ехыжа Бекъул Леонид и Iыхьлыхэм, и благъэхэм, и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъухэм, и къуажэгъухэм, къэзыцIыхуу щытахэм цIыху гуапэу, жэуаплыныгъэ зыбгъэдэлъу, хьэл-щэн дахэ зыхэлъу ягу къинэжащ. Абы къыщIэна лэжыгъэфIхэр нобэми ящыгъупщэркъым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



● Зэпеуэхэр

# Хэт нэхъыфIу ищIэрэ?

**КъБКъУ-м ИнформатикэмкIэ, электроникэмрэ компьютер технологиехэмкIэ и институтым Хъыбарегъащ Iэтехнологиехэмрэ экономикэмкIэ и колледжым (КИТиЭ) УФ-м и Конституцэм и махуэр щагъэлъэпIащ. Абы хуэгъэпсауэ еджапIэм къыщызэрагъэпэщат «УФ-м и Конституцэм теухуауэ» джэгу-зэпеуэр. Зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщхьэр ди къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм студентхэр нэхъыфIу щыгъэгъуэзэнырщ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дегъэхьэхынырщ.**

КОНСТИТУЦЭР зым нэхърэ адрейм нэхъыфIу зэрищIэр къагъэлъэгъуэну утыкум къихьат цIыху плIырыплI зыхэт гупитху: «Red Star», «Волна», «Прикладники», «Афродиты», «Патриоты». Къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэр абыхэм зэращIэр къапщытэну къызэрагъэпэща гупым хэтт КИТиЭ-м и унафэщI Нэхущ ФатIимэ, Налшык къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и депутат, «КъБР-м и щIалэгъуалэ центр» IуэхущIапIэм щIалэгъуалэ программэхэмрэ проектхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, «ЩIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъынымкIэ фонд» проектым и пашэ **Сурковэ Екатеринэ**, КИТиЭ-м и къудамэхэм я унафэщIхэу **Бэрбэч Ларисэрэ Жулабовэ ФатIимэрэ**. Ахэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъащ зэпеуэм хэт студентхэм Конституцэр зэращIэм.

НыбжьыщIэхэр зэхьэзэхуащ унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ: конституцэ ухуэныгъэм и лъабжьэр, цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ, федеративнэ ухуэныгъэр, УФ-м и Президентыр.

Джэгу-зэпеуэм кърикIуахэр къапщытэжа нэужь, япэ увыпIэр лъагъэсащ «Патриоты» гупым. ЕтIуанэ хъуащ «Афродиты», ещанэр «Прикладники» гупым хуагъэфэщащ. Зэпеуэм хэтахэр ягъэпэжащ щIыхь тхылъхэмкIэ, саугъэт плIапIэхэмкIэ.

**СОГАЛОВЭ Наталье,**
*КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ.*



● ФIыщIэ

# ЦIыхугъэ лъагэрэ щIэныгъэ куурэ

**Уи лэжьапIэ IэнатIэм ухуэпIащIэу пщэдджыжьым унэм ущIэкIрэ уезэшауэ умыщIэу, гукъыдэж уиIэу, зэфIэпха IуэхумкIэ уи гур зэгъауэ пщыхьэщхьэм уекIуэлIэжыныр – ар IэщIагъэлI куэд зыщIэхъуэпс насыпщ. Апхуэдэ фIыгъуэкIэ Тхьэшхуэр зыхуэупсахэм ящыщщ адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэ, цIыху щэныфIэ, Республикэ эндокринологие центрым и эндокринологие къудамэ №1-м и унафэщI Бырхьэм (Жамборэ) Зерэ МуIэед и пхъур.**

«ДОХУТЫР IэщIагъэм къыхуалъхуащ», - зыхужаIэм хуэдэщ Бырхьэмыр. И IэщIагъэмкIэ щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым нэмыщI, цIыху хэтыкIэ екIу иIэщ, Iэдэбагърэ жэуаплыныгъэрэ хэлъщ. Ар гуапэу, щабэу йопсалъэ сымаджэхэм, абыхэм хуабжьу яхуэнабдзэгубдзаплъэщ. А псори си нэгу щIэкIащ, а сымаджэщым иджыблагъэ сыщыщIэлъам щыгъуэ. Зерэ бгъэдэлъ цIыхугъэ лъагэмрэ щIэныгъэ куумрэ я фIыгъэкIэ зэман кIэщIым къриубыдэу нэхъыфI сыхъуащ, куэд дэмыкIыуи сыкъызэфIэувэжащ.

Си закъуэкъым Бырхьэмыр апхуэдэу сэбэп зыхуэхъуар. Дохутыр Iэзэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм ар и Iуэху зехьэкIэ мардэу аращ. Хущхъуэм нэхърэ мынэхъ мащIэу сымаджэхэм сэбэп яхуохъу Зерэ и бзэ IэфIагъыр, я гур дахэ ещI дохутырым къахуиIэ щытыкIэ гуапэм.

ФIыкIэ сигу къинащ Бырхьэмым и нэIэм щIэту сымаджэщым къыщызэIэза медсестрахэри. Зи Iэпэхэр щабэ, зи псалъэхэр гуапэ а бзылъхугъэ цIыкIухэм фIы дыдэу ягъэзащIэ я къалэнхэр. А псори, дауи, и фIыгъэщ гупым и пашэм.

Дохутыр Iэзэ Бырхьэм Зерэ МуIэед ипхъуми ар зи унафэщI къудамэм и лэжьакIуэ псоми си гуапэу сохъуэхъу ИлъэсыщIэмкIэ. Къыфхурырехь абы дэтхэнэ зыми узыншагъэ быдэ, унагъуэ насып мыкIуэщI, ехъулIэныгъэ лъагэ, гур хэзыгъахъуэ дэрэжэгъуэ ин. Фи мурадхэр къывэхъулIэу, хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъууэ куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу, фи IэщIагъэм и хъер флъагъуу.

**БЫРСЕКЪУЭ Светланэ,**
*унэгуащэ.*
*Нартан къуажэ*

● БэнэкIэ хуит

## Ди щIалэхэм я ехъулIэныгъэхэр

**КъБР-м щыщ ДыщэкI Владислав текIуэныгъэ къыщихьащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетыр къэзыухахэм я щIыхькIэ бэнэкIэ хуитымкIэ екIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм. Ар щыбэнащ килограмм 70-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж.**

ЗЭПЕУЭМ дыжьын медалыр къыщахьащ килограмм 85-рэ хъухэм я деж утыкум къыщихьа Шыбзыхъуэ Аликрэ килограмми 125-рэ зи хьэлъагъ Ныр Ислъамрэ. Килограмми 125-рэ хъухэм я деж жэзыр щызыIэрагъэхьащ Щэуей Ислъамрэ Ныбэжь Нур-Мухьэмэдрэ.

**МАХУЭЩ Шумахуэ.**

## Испанием адыгэхэр щытокIуэ

**Асенсио Антонио и фэеплъ VI дунейпсо зэхьэзэхуэ бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIащ Испанием и Барселонэ щIыпIэм. Адыгэ щIалэхэм абы дыщэ медалитI къыщахьащ.**

«Рамзан» спорт клубым хэту Испанием щекIуэкI фэеплъ зэхьэзэхуэм ирагъэблэгъа Ташу Къазбэчрэ (кг 74-м нэблагъэ зи хьэлъагъыр) Къущхьэ Мурадинрэ (килограмми 125-рэ) я хьэрхуэрэгъухэм зы Iэмали иратакъым текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэну. Нэрылъагъут ди щIалэхэр абыхэм куэдкIэ зэрефIэкIыр икIи яхуэфащэ дыдэу дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ.

Испанием щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и хьэщIэ лъапIэу щытащ Рио-де-Жанейрэ иджыблагъэ щыIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм и лIыхъужьхэм ящыщ зы Джэду Iэниуар.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**




● Шхыныгъуэхэр

## Адыгэ лы гъэжьэкIэ

ЛыпцIэр зэпаупщI г 35-40 хъууэ. Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIур яукъэбз, лыри бжьынри псы щIыIэкIэ ятхьэщIри дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр тепIауэ щIыIапIэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кIэ. ИтIанэ лы тыкъыр цIыкIухэри бжьынри хъыдан гъущэкIэ ялъэщI. Щагъэжьэнум и деж япэщIыкIэ дзасэм лы тыкъыр фIалъхьэ, итIанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фIэз ящI, и кIэ дыдэм фIэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафIэ дэпкIэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Дзасэм къыфIалъэфри пщтыру тепщэчым иралъхьэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм, щIыIэ зыхыхьахэм.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*
мэлылу - г 250-рэ,
адыгэ бжьын плъыжь цIыкIуу - г 150-рэ,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## Джэдыл гъэбэкхъа

Абы щхьэкIэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэд гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхьэщIыж. Джэдыл Iыхьэхэр шынакъ мыулъийм иралъхьэ, шыгъу, губгъуэпхъ, мыцIыкIу дыдэурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бурш мыхьэжа, IупщIэ цIыкIуурэ упщIэта шыбжий сыр мыхьэжа халъхьэ. Псы щIыIэ тIэкIу хакIэри фIыуэ зэIащIэ, бжьыныпсыр фIыуэ къыщIахуху. Шынакъыщхьэр трапIэжри, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ щIыIапIэм ягъэув сыхьэти 8 - 10-кIэ е нэху кърагъэкI. А зэманым кърибубыдэу джэдылыр зэ-тIэу зэIащIэ. Щагъэжьэнум деж джэд Iыхьэхэм кIэрыпщIахэр къыкIэрахри езы джэдылыр ягъэгъущ, тебэ куукIэ тхъу къагъэплъ, джэдыл Iыхьэ гъэгъущахэр абы халъхьэ, мафIэр ину блэуэ, зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ тхъуэплъ дахэ хъуху. ИужькIэ псывэ щIакIэ, мафIэр цIыкIу ящIри, тебащхьэр тепIауэ ягъэбэкхъ, псыр щIэвэщIэным нэсыхукIэ. ИтIанэ, зэIащIэурэ, шатэпс щIакIэ, бжьыныху уба халъхьэ, тебащхьэр трапIэжри, мафIэ щабэ дыдэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ, тебэр къытрахыж, джэдгын траудэри и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5-6-кIэ щагъэт. ЗэрызэщIэлъу Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пIастэ хуабэ, мырамысэ.

*Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):*
джэдылу - г 1000,
тхъууэ - г 180-рэ
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 100,
псывэу - г 300,
Бжьыныху укъэбзауэ - г 30,
шатэпсу - г 300,
шыгъуу, шыбжийуэ, губгъуэпхъыу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Щымахуэ теплъэгъуэ


*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Фщlэн папщlэ

# Iуащхьэмахуэ и адэ

**Шэджэмыпсымрэ Кестантэрэ щызэхэж щIыпIэм дежщ Шэджэмыщхьэ вулканыр зыхуэзэр. КъызэрыщIэкIамкIи, ар дуней псом щыцIэрыIуэ ди Iуащхьэмахуэ нэхърэ куэдкIэ нэхъыжьщ, Кавказым и налкъутыр къызытекIари аращ!**

А ВУЛКАНЫР куэдым яцIыхуркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iуащхьэмахуэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъахъшэщ икIи мэщэщэж. Ауэ ар апхуэдэу сытым дежи щытакъым. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, Шэджэмыщхьэ вулканыр 8 нэхърэ мынэхъ мащIэу къикIащ икIи и еянэ къикIыгъуэр илъэс щитхукIэ узэIэбэкIыжмэ псэуа цIыхухэм ягъэунэхуащ! География цIэрыIуэ Страбон (Кавказ Ищхъэрэм и географием нэхъ щыгъуазэу щыта, абы теухуауэ тхыгъэ куэд къызэзынэкIа алыдж географщ) и тхыгъэхэм дызытепсэлъыхь вулканыр белджылыуэ къахощыж. А вулканыр егъэлеяуэ абрагъуэу щытащ, и зы къикIыгъуэ къэс и лъабжьэр ехымехыурэ, Iуащхьэмахуэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ цIыкIу хъужащ.

Хэт ищIэнт зы зэман Шэджэмыщхьэ вулканым и зы къикIыгъуэм и Iэужьу къэунэхуа Iуащхьэмахуэ къэзыгъэщIам нэхърэ нэхъ лъагэ хъуну?!

Вулканым и хъуреягъыр бгыщ, дэнэкIэ уплъэми. А лъагапIэм щыIа цIыху закъуэтIакъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, зы макъи щызэхэпхыркъым, зы псэущхьи щыплъагъуркъым, къапщтэмэ, хьэуари и пIэм ижыхьауэ къыпщохъу, апхуэдизкIэ даущыншэщи. Зыгуэр къыпкIэлъыплъ хуэдэ, уи щхьэщыгум ныбжь гуэрхэр къиувэу къыпщохъу. Нэхъ гъэщIэгъуэнращи, хьэршым къикIыу, зищIысыр къамыхута гуэрхэр мы щIыпIэхэм къыщхьэщыхьэу, тэлайкIэ заIэжьа нэужь бзэхыжу жаIэ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Динэ.**

● Гъэщlэгъуэнщ

### ХьэщIэм сыщежьэм деж

Франджы тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ Мериме Проспер гуфIэу е дыхьэшхыу зэи зыми илъэгъуакъым. Зы хьэл мыхъумыщIи зыхэмылъ, теплъэ дахи зиIэ Мериме и рассказхэри дахэу, екIуу жиIэжырт. Абыхэм я нэхъ дыхьэшхэн дыдэри тхакIуэм къызэриIуэтэжыр псы стэкан кърату щIэлъэIу цIыхум и макъым ещхьут.

Мериме, езым зэрыжиIэмкIэ, ищIэн щимыгъуэтхэм деж тхэуэ арат.

- ХьэщIэ къэкIуэн хуейуэ сыщыпэплъэхэм деж сытIысырти, зы балладэ стхырт, - жиIэрт абы.

### Флобер и хьэлыр

НэгъуэщI франджы тхакIуэ Флобер Гюстав и хьэлыр апхуэдэтэкъым. Абы и романхэр щитхкIэ тхыгъэм хэт лIыхъужьхэм я гъусэу дыхьэшхынут, гъынут, и пэшыр пIащIэу къызэхикIухьырт, иужьрейуэ итха псалъэхэр ину жиIэу. Бовари Эммэ зэрызиукIыжар къыщигъэлъагъуэм щыгъуэ Флобер тхьэусыхэрт, дзыгъуэгъалIэм и мэр и Iум иту жиIэу.

### IункIыбзэкIэ игъэбыдэрт

«Юмористическая энциклопедия всей американской жизни» тхылъыр зи Iэдакъэщ1экI О' Генри и хьэлт щытхэ стIолым пэрытIысхьэн и пэ къихуэу пэшыбжэр IункIыбзэкIэ игъэбыдэу.

Ар щIэбгъэщIэгъуэн Iуэхум хэлътэкъым - цIэрыIуэ хъуа тхакIуэм япэу къалэмыр къыщищтар Колумбус къалэм (Огайо штат) и лъэхъуэщращ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

### Уэракъэ къызжезыIар?

ГуфIэжу школым къикIыж щIалэ цIыкIум и анэр йоупщI:

- Сыт нобэ къэпхьар?
- ТIу!
- Сыт щIыпхуагъэувар?
- СщIэжыркъым.
- Ар дауэ?
- Къысхуэгъэгъу, мамэ, ауэ уэракъэ къызжезыIар Iуэху Iейхэр занщIэу зыщыбгъэгъупщэжын хуейуэ!

### Дэнэ дежи мэуз

- Уа дохутыр, сэ зыгуэр си лажьэщ: си IэпэмкIэ дэнэ сеIусэми - си пщэрами, си шхалъэрами, си щхьэрами - псори мэуз.

● ГушыIэхэр

- Зэ дегъэплъыт-тIэ. Е гъуэгу махуэрэ, уи Iэпэр къутауэ аращ уэ!

### Уэрамым сыдэтынущ

ЕгъэджакIуэр сабийхэм йоупщI балигъ хъумэ къыхахыну IэщIагъэр зригъэщIэну. Хэт дохутыр, хэти егъэджакIуэ, хэти кхъухьлъатэзехуэ хъуну хуейщ.

- Сэ пхъэнкIакIуэу сылэжьэнущ, - жи еджэным гукъыдэж лъэпкъ хузимыIэ Мурат цIыкIу.

- Сыт апхуэдэ IэщIагъэ къыщIыхэпхар? - егъэщIагъуэ егъэджакIуэм.

- ИтIанэ махуэ псом уэрамым сыдэтыну Iэмал сиIэнущ, - мэгуфIэ Мурат.

● Щыпlэ жыжьэхэм

### Псы уардэунэ

Индонезием хыхьэ Бали хытIыгум щIыпIэ телъыджэ иIэщ. ХытIыгум и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ бгы лъабжьэм псы къабзэ къыщыщIож. Абы щыпсэухэм пщIэшхуэ хуащI щIым и кууупIэм къыщIэж псым икIи арауэ къалъытэ гъащIэщIэм къежьапIэ хуэхъур. Абы къыхэкIыу, а щIыпIэм дин хабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI, тхьэелъэIупIэу яIэщ.

И хъуреягъым и дахагъымрэ хьэуа къабзэмрэ дихьэхри, Раджа Карангасему къалэ щIыбым унэ щиухуэну мурад ищIыгъащ абдеж. Ар зэфIэкIауэ щытащ 1942 гъэм. ИкIи а резиденцэм Тиртагангэ фIащащ («Тирта» - псы, «Ганг» - Индием щежэх Ганг псырщ).

Зи гугъу тщIы щIыпIэ телъыджэм гектар 1,2-рэ еубыд.

Псы уардэунэр архитектурэ и лъэныкъуэкIэ щIыпIищу зэпычащ, зыр адрейм и щхьэм тету, скульптурэ пщIы бжыгъэхэр итщ. Япэ комплексым гуэлищ ущрохьэлIэ, етIуанэм ущес хъу псыгуэн зыбжанэ итщ, ещанэр резиденцэр зейуэ щыта Раджа и хэщIапIэу ялъытэращ, ар тхьэм хиха щIыпIэу ябжри, абы къыщыщIэж псыхэр дин дауэдапщэхэм къыщагъэсэбэп.

Зи гугъу тщIы Псы уардэунэм китай, бали лъэпкъхэм я хабзэм тету щIа архитектурэ ухуэныгъэхэм ущрохьэлIэ. Телъыджэщ ахэр зэпуплъыхьыну, псыщхьэм тет мывэ щIимыгъэмбрыуэхэм утету къэпкIухьыну...

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

● Эволюцэм и щэхухэр

# Алмэстыхэр

**Абыхэм ятеухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр дуней псом къыщокIуэкI. Сыбырым, Гималайм, Америкэ Ищхъэрэм, Австралием, Кавказым...**

ЩIЫПIЭ зэмылIэужьыгъуэхэм цIэ зэхуэмыдэхэр щыфIащ: инджылызыбзэкIэ «бигфут» (лъакъуэшхуэ), чынтыбзэкIэ «йети» (уэс цIыху), Индокитайм «мэз цIыху» щыфIащащ. Адыгэхэр абы дызэреджэр алмэстыщ.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, алмэстым и гугъу япэ дыдэ щащIар Плутарх и зэман жыжьэхэращ. Абы къызэринэкIа тхыгъэхэм яхэтщ урым дзэзешэ Суллэ и сэлэтхэм къаубыда «ажэгъафэм» теухуа хъыбар. Абы къищынэмыщIа, XIX лIэщIыгъуэм Абхъазым Занэ зыфIаща алмэсты бзылъхугъэр щыпсэуауэ щыхьэт тхыгъэхэр къэнэжащ. ЗэраIуэтэжымкIи, къызэрыгуэкI цIыхухъурэ абырэ унагъуэ яухуэри, бын ягъуэтыжат. Мыпхуэдэ хъыбар телъыджэхэри щыIэщ: 1921 гъэм Эверест дэкIа альпинистхэм я пашэ Говард-Бери бгым алмэсты щрихьэлIауэ жиIэжащ; XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм Азие Курытым къыщаубыда алмэстыр тутнакъэщым ирадзат икIи пкърыупщIыхьу зыри къыщыпамыхым, яукIащ; 1941 гъэм Совет Армэм и подполковник Карапетян Дагъыстэным алмэсты къыщиубыдри, зищIысыр иджыну сымаджэщым къишауэ щытащ, иужькIэ ари яукIыжащ.

Алмэсты зылъэгъуахэм жаIэр мыращ: «И теплъэкIэ мащIэу цIыхум ещхь псэущхьэ инщ, Iэчлъэчщ. Уеблэмэ метритIым нэсынущ и лъагагъкIэ. ЦIыхухэм хуэдэу Iэщэ, хьэкъущыкъу ящI, мэпщафIэ, езыхэр зэрызэгурыIуэж бзэ яIэщ».

Си анэшхуэ Нэдзырэ Зэирэт жиIэжырт мыпхуэдэ хъыбар: «Дэ бынуагъуэшхуэ дыхъурт - ди адэ-анэм бын 11 драIэт. Псори дызэщIыгъуу къущхьэхъу щIыналъэм дыщыIэт, Iэщ куэду диIэти, зэрыунагъуэу дызэдэIэпыкъуу зетхьэрт. Пщыхьэщхьэ гуэрым, пхъашэ дыщыIауэ, пщыIэм дыкIуэжырт шыгум дису. ПщыIэм дынэсыжыным зыкъомыфI иIэу ди адэм шыр къыжьэдикъуащ. Шыр зэщIэувыIыкIри, щтэIэщтаблэу и тхьэкIумэхэр игъэкIащ, пырхъыу щIидзащ. Ди адэм зимыгъэхъейуэ ипэкIэ маплъэ, дэри къэхъуар къыдгурыIуэркъым. Пщыхьэщхьэ кIыфIым дыхэплъапэмэ - гурыму гъуэгущхьэм зыгуэр тесщ. Абы и лъакъуэхэр зэкIэщIэшарэ, и IэплIэм зыгуэр илъу зригъащIэрт, сабий зыгъэбэяу анэм хуэдэу. КъызэрыщIэкIамкIи, и Iэблэм сабий цIыкIу телъу арат. Езыр цым зэщIиблarэ, зищIысыр цIыхурэ хьэкIэкхъуэкIэрэ къыпхуэмыщIэу апхуэдэт. Зы напIэзыпIэм щым хъуауэ, зимыгъэхъейуэ къоплъэ. Хуэмурэ къызэфIэувэри, зы лъэбакъуэ къичащ. Ди адэр хуэмурэ джыдэмкIэ Iэбэри: «Мыр плъагъурэ? УкъэмыкIуатэ, фIы щIозгъэхынкъым! Си гъуэгум текIи нэхъыфIщ, дэ уи гугъу тщIынукъым», - жиIащ. Арати, псэущхьэр щIыбагъкIэ икIуэтурэ, кIыфIыгъэм хэкIуэдэжащ. ИужькIэ, ди адэм зэрызиумысыжамкIэ, а псэущхьэхэр къущхьэхъу щIыналъэм мызэ-мытIэу щилъэгъуат. Абыхэм зэреджэр сыт жытIэу дыщеупщIым, алмэстыуэ жиIат...».

Алмэстыхэм ятеухуауэ щIэныгъэлIхэм зыхамыщIыкI куэд ящIэрт ди нэхъыжьхэм. Псалъэм папщIэ, алмэстыхэр пасэрейм цIыхухэм къахыхьэу, мыдрейхэм а псэущхьэ тхьэмыщкIэхэр яфIэгуэныхь хъурэ, шхын ирату, щыгъыныжь яIэмэ, «алмэстыхэм я сабий цIыкIухэр щIыIэм ес, ахэр гуэныхьщ, нэгъуэщI мыхъуми мы хъыданыжьхэм кIуэцIашыхьынщ», - жаIэурэ, жыгхэм хуфIадзэу щытащ.

ЗэрыжаIэжымкIэ, алмэстыхэм мы щIыпIэм куэдрэ ущрихьэлIэрт. Ахэр кIуэдыжыным е нэхъ мащIэ хъуным щхьэусыгъуэ хуэхъуар макъышхуэхэращ. Хэку зауэшхуэм и ужькIэ ахэр мащIэ дыдэ зэрыхъуам куэдым гу лъатат. Ахэр фоч макъымрэ лагъым къауэмрэ игъэшынэу, къуршым ихьэжыпауэ жаIэ.

Алмэстым и щыIэкIэр нэхъ кууэ зыджа урысей щIэныгъэлI, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Сапунов Валентин зэрыжиIэмкIэ, эволюцэм и лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, цIыхумрэ номинхэмрэ яку дэт псэущхьэ лIэужьыгъуэ щхьэхуэщ алмэстыхэр.

Алмэстыр языныкъуэ лъэпкъ IуэрыIуатэхэми къахощыж.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Къамылым къыхащIыкI лъэгурыдз, алэрыбгъу. **7**. Уи ... еплъи уи лъэ укъуэдий. **8**. Зэпымыуэ уэс зытелъ бгы. **9**. «... Мурат » - ПащIэ Бэчмырзэ и псалъэхэр зыщIэлъ, КъардэнгъущI Зырамыку, Къуныжь Хьэждал сымэ, нэгъуэщIхэми ягъэзащIэ уэрэдыжь. **10**. КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыIэ псыежэхышхуэ, километр 2800-м щIигъу и кIыхьагъыу. **11**. ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **12**. ЦIыху уэд, зи къупщхьэхэр къыхэпIиикI. **14**. Жэмэщ, Iэщ псэуалъэ. **15**. ЦIыхубз щыгъын. **16**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **17**. ЦIыху къулейхэм я Iуэхутхьэбзащ Iэ. **21**. Iуащхэмахуэ щыгу япэ дыдэу дэкIа Хьэшыр ... **22**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **25**. Данэ щэкI лъэпкъ. **27**. ... вы бжьакъуэм къокI. **28**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **29**. Къэрэкъурэ ... е къалмыкъ ... **30**. КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. **31**. Гъатхэм ди щIыпIэм къэлъэтэж къуалэбзу. **33**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэм щежэх псы. **35**. Ди къэралым «Думэ» иIэщ, Украинэм-щэ? **37**. Бжэгъу псыгъуэмрэ чы щабэмрэ къыхащIыкI набжэ, бжыхь. **38**. Куэд зигу изыубыдэф цIыху. **39**. Пщэдейрей ... нэхърэ нобэрей бзу.

***Къехыу:*** **1**. Илъэс 18 хъуа щIалэм и ... кIуэгъуэщ. **2**. Хыумысэу езыр-езыру къэкIыж. **3**. НапIэзыпIэ. **4**. Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ адыгэ щIалэ. Абы и унэцIэджэгъу усакIуэ, «Нур» журналым и лэжьакIуэ. **6**. Шы мыгъасэм лъэщIыхьэ, къызэраубыд шы гъэса. **13**. Нарт Дэбэч и IэщIагъэр. **14**. Бгырыпхыщхьэ. **17**. Дзапэ ... **18**. Адыгэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу, драматургыу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист. **19**. Нысэ къашэнум деж гурыIуакIуэ ягъакIуэ цIыху. **20**. Зыми имылъэгъуами, апхуэдэ пэшэгъу зиIэ цIыху щыIэу жаIэ. **23**. Дублин къалэр зи щыхьэр европэ къэрал. **24**. ГъэшхэкI. **26**. Зауэм хэта ди гъунэгъу лIыжьым куэд и ... щIэкIащ. **31**. ... шхыIэн. Е щэкI къызыхащIыкI къэкIыгъэ. **32**. Къэлътмакъым нэгъуэщIу зэреджэр. **34**. КъурIэным и зы пычыгъуэ. **36**. Мыщэм фIэбэлацэ хьэкIэкхъуэкIэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Дыгъэгъазэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Ажэ. **9**. Рим. **10**. Щхьэхынэ. **11**. Шэрджэс. **12**. БжьапцIэ. **13**. Усэ. **14**. Дунай. **16**. Къущхьэхъу. **20**. Ду. **21**. Махъсымэ. **22**. ЕкIу. **23**. Къармэ. **24**. Аслъэн. **26**. Акъужь. **29**. Мэлыхъуэ. **32**. Къандур. **35**. Мыдрисэ. **36**. Афэ. **37**. Хъан.

***Къехыу:*** **1**. Къамышы. **2**. Тэтэр. **3**. Трамп. **4**. Емынэжь. **6**. Iущхьэ. **7**. Шхэпс. **8**. Фэбжь. **14**. Дудакъ. **15**. Армум. **17**. Щхьэпс. **18**. ХъуэкIуэн. **19**. Псы. **25**. Эмират. **27**. Къуэгъурэ. **28**. Аргъынэ. **30**. Лэдэх. **31**. Хъурмэ. **33**. Арэф. **34**. Дапхъэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Замир,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1885